

# Planifye Travay la... Travay Plan an



Materyèl Sipò Anrapò  
Plan Akademik Estratejik pou Tout Kominote a

**Doktè Deborah L. Wortham**  
*Sirentandan Lekòl*

Spring Valley, New York  
31 Out 2016

## Entwodiksyon

An jen 2016, East Ramapo Central School District (ERCSD) te anbake nan yon pwosesis nan tout kominote a pou katografye direksyon estratejik avni distri a. Egzèsis sa a, ke Doktè Deborah L. Wortham, Sirentandan Lekòl te soutni aktivman, te fèt pou mobilize epi kreye inite nan ozalantou kominote East Ramapo epi fikse objektif klè pou akonplisman etidyan, men tou, trase yon chimen ki fasil pou konprann, ki byen atikile pou akonplisman Objektif yo ak Mezire Pwogrè Etidyan.

Yon seksyon transvèsal kominote a te patisipe nan pwosesis estratejik la, ki te devlope an akò ak S8131 epi A 10723 Eta Nouyòk, ak tout konsiltasyon dirèk siveyan nome Eta a, M. Charles Szuberla. Yon *Ekip Planifikasyon Prensipal* anviwon 100 moun te rankontre pandan yon total senk jou nan peryòd Jen – Out 2016 pou kreye plan an. Patisipan yo te gen ladan yo pwofesè, paran, administratè lekòl ak distri, manb konsèy edikasyon, kontribyab, manb kominote a, reprezantan lokal gouvènman an, biznis ak patnè edikasyon siperyè, ak pèsònèl sipò (klasifye). Anplis de sa, yon fowòm kominotè, ki te gen prèske 200 patisipan nan East Ramapo ki te asiste li, te ofri kominote a nan sans laj, opòtinite pou bay kontribisyon pa li. Yon ti kras tan apre lekòl ouvri, distri a gen entansyon reyalize yon seri seyans "tès" avèk tout pwofesè ak anplwaye, men tou ak yon echantyon reprezantatif etidyan East Ramapo yo.

Dokiman sa a se yon sipleman kopi plan estratejik la ki sòti nan deliberasyon tout kominote a. Objektif li se bay yon kontèks anplis sou pwosesis planifikasyon an ak pwodui a. Anplis de sa, dokiman an ap chita sou kèk domèn espesifik ki reprezante yon enterè patikilye pou Eta Nouyòk.

## Apwopo de East Ramapo Central School District

East Ramapo Central School District enskri anviwon 9000 etidyan ki sòti nan divès kontèks etnik, lengwistik ak kiltirèl. Etidyan sa yo reprezante anviwon yon-tyè tout timoun ki gen laj pou ale lekòl nan zòn East Ramapo; vas majorite plis pase 30,000 etidyan potansyèl yo pa ale nan lekòl piblik East Ramapo yo.


Demografi distri a te chanje anpil pandan dènye ane sa yo. Men yon apèsi etidyan ki nan 14 lekòl prek-12 ERCSD yo:

- ✓ 8 sou chak 20 etidyan se Nwa/Afriken Ameriken
- ✓ 10 sou chak 20 etidyan se Ispanik/Latino
- ✓ 2 sou chak 20 etidyan se Blan oubyen soti nan Zile Pasifik yo oubyen se Melan plizyè Ras
- ✓ 17 sou chak 20 etidyan se moun vilnerab sou plan ekonomik
- ✓ 6 sou chak 20 etidyan se moun k ap aprann anglè.
- ✓ 4 sou chak 20 etidyan gen yon andikap
- ✓ 48% Fi, 52% Gason


## Pwosesis Planifikasyon Estratejik la

Entansyon prensipal planifikasyon an se objektif komen, oubyen **aliyman** – *fè moun yo, pratik ak pwogram yo vin mache sou menm pa, ale nan menm direksyon, an menm tan*. San plan, pa gen fokis oubyen yon direksyon klè. Yon plan ki fokis sou rezilta se premye pa nan direksyon avni nou vizyone a pou fè li tounen reyelite.

### Misalignment



### Alignment



Pwosesis aliyman sa a, ke Performance Fact, Inc., te devlope epi fasilite te bay East Ramapo Central School District ak divès patisipan li yo yon opòtinite pou devlope yon plan amelyorasyon kontinyèl ki fokis sou rezilta k ap dirije sistèm lekòl la nan direksyon objektif santral li, sa vle di: *pi wo nivo akonplisman pou chak etidyan pa non yo, kèlkeswa orijin, kondisyon oubyen sikonstans etidyan*.

### A Data-driven, Continuous Improvement Planning Process



What data do we have?	What does the data say? and Why does the data look that way?	What are we going to do about it all?
<p><b>Student data</b> from multiple sources</p>	<p>Student Achievement  <b>Areas of Strength</b> and  <b>Areas of Concern</b>                      and  <b>“Root cause”</b> (underlying causes) of the current state of student achievement</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Goals &amp; Measures of Student Progress</b></li> <li>• <b>“Four Pillars”</b></li> <li>• <b>Instructional Focus</b></li> <li>• <b>Signature Strategies</b></li> <li>• <b>Motivating Commitment</b></li> <li>• <b>(Re)Alignment of Resources</b> (i.e., People, Time, Money)</li> </ul>

Pwosesis planifikasyon estratejik la te fèt pou:

- Klarifye objektif ERCSD yo pou devlopman ak akonplisman etidyan;
- Drese itinerè pou akonpli objektif sa yo;
- Anbrase divès vwa patisipan entèn ak ekstèn ERCSD yo;
- Mobilize lidèchip la pou aksyon ki mande kouraj nan tout nivo.

Kad estratejik planifikasyon Performance Fact's la te mete aksan sou analiz an pwofondè done etidyan yo selon plizyè pèspektiv, idantifye vrè koz nivo akonplisman aktyèl etidyan an, epi devlope solisyon konkrè pou trete koz yo. M Mutiu O. Fagbayi, Prezidan/DG Performance Fact ak Doktè William H. Conrad, Asosye Prensipal te dirije Ekip Prensipal Planifikasyon an ansanm ak fowòm kominotè a.

An akò ak S 8131 epi A 10723, domèn ke yo te touche pandan pwosesis planifikasyon an te gen ladann:

- ✓ objektif ki gen etap apwopriye epi ki mezirab;
- ✓ idantifye estrateji pou rezoud pwoblèm nan domèn nan distri a ki merite amelyorasyon;
- ✓ rezilta amelyore pou etidyan ak andikap yo
- ✓ akonplisman akselere pou moun k ap aprann anglè yo.

Rekòmandasyon espesifik anrapò ak chak domèn sa yo twouve yo nan dokiman uit paj, **Plan Estratejik Akademik 2016-2020 – Anwo Nèt pou Reyisit Etidyan yo**(Exhibit A), men tou nan seksyon ki vin annapre nan rapò siplemantè sa a.

Tankou nou te mansyone sa anvan, pwosesis estratejik te benefisye konsèy ak direksyon ke siveyan Eta a nome a, M. Charles Szuberla, pou East Ramapo Central School District.

### **Kisa Done yo Di? – Evalyasyon Eta Aktyèl Kondisyon Aprantisaj Etidyan yo**

Seksyon sa a bay yon apèsi sou aprantisaj etidyan yo ak akonplisman, ki chita sou plizyè mezi, ki genyen ladann:

- ✓ pèfòmans etidyan nan tout eta a nan egzamen Lang Anglè, Matematik, Syans Sosyal;
- ✓ to gradyasyon nan nivo segondè
- ✓ to abandon
- ✓ prezans
- ✓ referans disiplinè

Yo te klase done sou etidyan yo an gwoup etidyan apwopriye, tankou ras-etnisite, nivo nan anglè, pwofil edikasyon espesyal, ak pwofil sosyo-ekonomik. Pi ba a n ap jwenn yon echantiyon chema doye yo, ke Performance Fact te kreye (pou yon rapò konplè sou done etidyan yo, tanpri gade *Exhibit B*).

Baze sou done 2014-2015 yo, domèn fòs ak enkyetid ke Ekip Planifikasyon Prensipal la te idantifye te genyen ladann:

1. Nan nivo primè ak segondè, mwens ke 5 sou chak 20 te nan nivo estanda Mat Eta a.
2. 13 sou chak 20 etidyan gradye atan.
3. Etidyan ke yo klase kòm Apranti Anglè (AA) gen yon to abandon 42%. Anplis de sa, sèlman anviwon 3 sou chak 20 etidyan ki nan AA yo gradye atan.
4. Mwens pase yon etidyan sou 20 nan AA oubyen etidyan edikasyon espesyal yo pase egzamen Eta a sou Lang Anglè.
5. Pèfòmans etidyan yo pi bon lontan nan Syans Mat oubyen nan Lang Anglè (LA). Anviwon 15 sou chak 20 etidyan 4<sup>yèm</sup> ane gen nivo estanda a, alòske 7 sou chak 20 etidyan nan 8<sup>yèm</sup> ane gen nivo estanda a.
6. Pèfòmans nan egzamen Syans Sosyal yo te pi wo pase rezilta egzamen Mat ak Anglè yo.
7. Sou prèske tout mezi devlopman ak akonplisman etidyan, EAA ak edikasyon espesyal yo te gen pèfòmans ki pi ba pase lòt etidyan yo.

Nou ka jwenn pwèn siplemantè nan paj 2 Exhibit A (pou yon rapò konplè sou rapò done etidyan an, gade Exhibit B).

## Kisa Done yo Sanble nan Fason Sa a? – Evalyasyon Eta Aktyèl Pratik Ansèyman, Pratik Lidèchip & Pratik Organizasyonèl

Aprè analiz nivo aktyèl akonplisman etidyan yo, Ekip Planifikasyon Prensipal la, sèvi ak pwotokòl koz Performance Fact yo ak ribrik pou evalye koz segondè eta aktyèl aprantisaj ak akonplisman etidyan yo.

Ekip la te evalye pratik ansèyman aktyèl yo, pratik lidèchip yo, ak pratik òganizasyonèl yo nan ERCSD, kote li te sèvi ak gwoup **16 pratik levye-siperyè ki baze sou rechèch** (oubyen "**16 Pilye**"; gade aj annapre a) ak yon ribrik evalyasyon 4 pwen (Exhibit C) ki te ofri yon entèpretasyon konsistan sou chak pratik levye-siperyè). Preponderans evalyasyon "1" ak "2" te endike yon nivo ki enferyè a mwayèn nan nan efikasite entriksyonèl atravè distri lekòl yo, atravè kontni domèn yo, ak atravè sal klas yo. Puiske enstriksyon efikas se pi gwo siy ki ka predi aprantisaj etidyan, nivo evalyasyon pèsònèl sa yo reprezante pi gwo opòtinite pou amelyorasyon nan tout sistèm nan.

High Leverage Practices	Ratings
1 Standards-aligned consistent instruction	2 2 2 2 2 3 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 1 1 1 1 1 2 2 2 2 2 2 2 2 2 1
2 Equitable access to rigorous, high-level program	1 2 1 1 2 2 1 1 2 3 3 3 1 2 1 1 1 1 1 1 1 2 1 1 2 2 1 1 1 1 1
3 Differentiation	1 2 2 1 2 2 2 2 1 2 1 2 2 2 1 1 1 1 2 1 2 2 1 1 2 1 1 2 2 2
4 Culturally responsive teaching and learning	1 1 2 2 1 1 2 1 2 2 1 1 1 1 1 1 1 1 1 2 1 1 1 2 2 1 1 1 1 1
5 Data-driven continuous improvement	2 2 1 1 2 3 2 2 2 3 2 2 1 2 2 2 1 1 1 1 3 2 2 2 2 2 2 1 2 2
6 Accelerated intervention	1 2 2 1 2 2 1 1 1 3 2 2 1 1 2 1 1 1 1 1 2 1 1 1 2 1 1 1 1 1
7 Collegial collaboration and accountability	1 2 3 2 1 3 1 2 2 1 2 3 1 3 2 1 2 1 2 2 3 1 2 2 1 2 2 1 3 1
8 Results-focused professional learning	1 2 2 3 2 3 2 2 3 2 2 2 2 2 2 1 1 2 2 2 3 2 2 3 2 1 2 2 3 2
9 High expectations for all	2 2 1 2 1 2 1 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 1 2 1 1 1 2 2 2 1 2 1 1
# Effective teacher for every student, effective leader for every school	2 2 2 2 1 3 1 2 2 1 2 1 1 2 1 2 2 2 2 1 3 1 2 2 1 1 1 1 2 1
# Needs-based resource allocation	2 2 2 2 2 2 1 2 2 2 2 2 1 1 2 2 1 1 2 2 1 2 2 2 1 2 1 1 1
# Supports for staff	1 1 1 2 2 3 1 1 3 3 1 3 1 2 2 1 1 1 2 2 3 1 1 3 2 1 2 1 2 2
# Instructional leadership	3 2 2 3 2 3 2 2 3 3 1 2 2 2 2 2 2 2 2 2 3 2 2 3 3 1 2 2 1 2
# Safe climate for learning and work	1 2 2 3 3 3 2 3 3 3 3 3 2 3 2 1 1 2 3 1 3 2 3 3 3 1 3 2 2 2
# Effective and efficient operations	1 2 2 3 2 3 2 2 3 3 1 3 2 3 2 1 2 2 3 1 3 2 2 3 3 1 3 2 3 2
# Strong relationships with families and community	1 2 2 2 2 3 2 2 1 2 2 3 2 3 2 1 2 2 3 3 3 2 2 1 2 1 3 2 3 2

## 16 Pilye (Pratik Levye-siperyè)

High-leverage practices for root cause analysis of current state of student achievement		
	High-leverage Practices	
1.	<b>STANDARDS-ALIGNED CONSISTENT INSTRUCTION</b>	Curriculum, assessment, and teaching are directly aligned with all state standards in all content areas and for all students, with standards at the center of curriculum planning and student learning.
2.	<b>EQUITABLE ACCESS TO RIGOROUS, HIGH-LEVEL PROGRAM</b>	All students have access to challenging, on-standard teaching and courses that include coverage of the "power standards" and core content.
3.	<b>DIFFERENTIATION</b>	Instructional strategies are differentiated to meet the varied learning needs of each student.
4.	<b>CULTURALLY RESPONSIVE TEACHING AND LEARNING</b>	Instruction reflects students' prior knowledge, learning styles and cultural background; programs and policies integrate the perspectives and needs of diverse stakeholders.
5.	<b>DATA-DRIVEN CONTINUOUS IMPROVEMENT</b>	School staff uses frequent and timely formative assessments to monitor and adjust teaching practices, leadership practices and organizational practices.
6.	<b>ACCELERATED INTERVENTION</b>	Students not meeting academic expectations receive immediate and targeted academic and social support.
7.	<b>COLLEGIAL COLLABORATION AND ACCOUNTABILITY</b>	Staff engage in year-round cycles of inquiry (e.g., Eye on the Goal™, Lesson Study), with clear standards of professional practice and accountability.
8.	<b>RESULTS-FOCUSED PROFESSIONAL LEARNING</b>	Professional learning is linked to instructional priorities, is standards-based, has clear goals, and meets the individual needs of staff.
9.	<b>HIGH EXPECTATIONS FOR ALL</b>	Beliefs and behaviors reflect commonly held high expectations and shared responsibility for professional practices and student learning.
10.	<b>EFFECTIVE TEACHER FOR EVERY STUDENT, EFFECTIVE LEADER FOR EVERY SCHOOL</b>	Staffing assignments ensure equitable distribution of teachers and leaders to meet the specific needs of students and schools.
11.	<b>NEEDS-BASED RESOURCE ALLOCATION</b>	School resources are focused on strategies that enhance professional practice and accelerate learning for all student populations.
12.	<b>SUPPORTS FOR STAFF</b>	Teachers, leaders, and staff receive timely, focused support and intervention (e.g., coaching, mentoring, peer support, targeted training).
13.	<b>INSTRUCTIONAL LEADERSHIP</b>	The principal and instructional leadership team articulate a clear school vision, and are actively involved in planning, guiding, and assessing instruction and student learning.
14.	<b>SAFE CLIMATE FOR LEARNING AND WORK</b>	The school culture and structures support the social-emotional needs of students, and standards for student and adult conduct are fair and consistently enforced.
15.	<b>EFFECTIVE AND EFFICIENT OPERATIONS</b>	The school has well-established organizational procedures, and day-to-day operations run smoothly to facilitate teaching, learning, and leadership.
16.	<b>STRONG RELATIONSHIPS WITH FAMILIES AND COMMUNITY</b>	Trust among home-school-community is nurtured through shared responsibility for student success, proactive communication, and meaningful stakeholder "voice."

## Objektif, Mezi ak Referans

Atravè pwosesis planifikasyon estratejik la, kominote East Ramapo a te idantifye yon gwoup **Senk Objektif** ak **Mezi Pwogrè Etidyan** ki koresponn avèk yo. Objektif & Mezi yo, ki dekri pi byen nan paj 4 Exhibit A reprezante yon pwomès – oubyen garanti – ke sistèm lekòl la ap fè etidyan yo, paran/moun kap bay swen, kontribyab, ak kominote a nan entegralite li. Yo reprezante angajman distri a pou ekipe chak etidyan ak konfyans epi konpetans li bezwen pou reyisi nan lekòl, kolèj, karyè, ak lavi.

Mezi yo te chwazi pou abòde etap devlopman esansyèl nan pakou edikasyon chak etidyan; yon gen ladan yo endikatè kognitif ak afektif, an rekonesans **angajman distri a pou edike timoun nan sou tout pwen.**

Alòske tout Mezi yo te idantifye sou paj 4 (Exhibit A) ap evalye pandan pwochen 5 ane yo, sa yo idantifye kòm Mezi *priyòrite* yo ap resevwa yon atansyon espesyal akòz enpòtans siperyè wo nivo yo parapò ak Misyon jeneral distri a. Referans – oubyen objektif espesifik/etap akonplisman – defini pi ba a pou Mezi *priyòrite* sa yo.

Pi ba a w ap jwenn Referans ki pwopoze yo ki dwe atenn nan ane 2020-2021. Referans 5 ane sa yo ap pèmèt distri a swiv pwogrè epi gen kapasite pou bay yon fich randman ak paran yo ak tout patisipan nan kominote a.



Objektif & Mezi Piyorite	2014-2015 Baz referansyèl	Referans 2020-2021
<b>1. REYISIT NAN ANE PREMÈ ANE YO</b>		
Yon pousantaj eleve etidyan nan nivo pre-K jiska 2yèm ane te atenn konpetans nan aprann li ak konte.	Pi piti pase 4 sou chak 20 etidyan	<b>O mwen de fwa baz referansyèl 2014-2015</b>
Yon pousantaj elve Etidyan k ap Aprann Anglè te demontre yon kwasans nan akizisyon konpetans pou yo pale Lang Anglè a.	Pi piti pase 4 sou chak 20 etidyan	<b>O mwen de fwa baz referansyèl 2014-2015</b>
<b>2. AN SANTE, AN SEKIRITE, JWENN SIPO, ANGAJE &amp; EPWOUVE</b>		
Yon pousantaj elve etidyan santi yo ansekirite ak valorize nan lekòl yo, jan yon ankèt pèsepsyon valid ak konfyab te mezire sa.		<b>O mwen de fwa baz referansyèl 2014-2015</b>
<b>4. METRIZE SIJE AKADEMIK &amp; LEZA</b>		
Yon pousantaj elve etidyan aten oubyen depase konpetans nan prensipal sijè akademik yo ak tout travay atistik yo.	Anviwon 5 sou chak 20 etidyan	<b>Omwen 12 sou chak 20 etidyan pou chak gwoup etidyan (ki gen ladann EAA &amp; Edikasyon Espesyal) (oubyen 60%)</b>
Yon pousantaj elve etidyan k ap aprann Anglè ki metrize konpetans nan lang Anglè pandan 3 zan.	Pi piti pase 2 sou chak 20 etidyan EAA	<b>Omwen 6 sou chak 20 etidyan (oubyen 30%)</b>
<b>5. GRADYASYON LEKOL SEGONDE ak PREPARASYON POU KOLEJ ak KARYE</b>		
Ogmantasyon 4 ane to gradyasyon nan nivo segondè.	63%	<b>75%</b>
Diminisyon 4 ane to abandon nan nivo segondè.	11%	<b>5%</b>



## Amelyorasyon Lekòl ak Kad Sipò

Yon plan estratejik ki baze sou rezilta se premye etap nan direksyon pou jwenn rezilta swete yo pou aprantisaj etidyan ak akonplisman. Sepandan, san mizanplas disipline, plan ap echwe epi li ka pa kenbe pwomès li yo.

Reyalize yon travay byen fèt mande disiplin. Amwen ke lekòl la ansanm ak lidè sistèm nan ak ekip yo ka reyalize plan yo, sa p ap fè yon diferans. Yon egzekisyon disipline se chemen akonplisman reyisi rezilta y ap tann yo ki sounye nan **Plan Akademik Estratejik 2016-2020 – Jiskanwo pou Reyisit Etidyan yo!**

Pou asire yon mizanplas disipline plan estratejik la, distri a te pran yon angajman sou plizyè ane pou sistèm amelyorasyon Performance Fact la, **Je sou Objektif la™**. Exhibit D a bay yon apèsi sou sistèm nan, ki te an plas nan plis pase 20 sistèm lekòl atravè Etazini ak sou plan entènasyonal.

Sistèm bay sèvis pwofesyonèl ak *devlope kapasite dirab* nan nivo lekòl ak ekip distri yo nan domèn tankou: planifikasyon ki baze sou done ak swivi pwogrè, devlopman pwofesyonè sible, ankadreman sou lidèchip, ranfòsman lidèchip pwofesè, asistans teknik, ak konstwi konfyans ansanm ak relasyon otantik. Sistèm Je sou Objektif la™ genyen ladann tou aksè ak resous ki sou entènèt 24/24, 7/7.

**Done sou Rezilta Etidyan yo:** Je sou Objektif la™ enköpore Pwotokòl pwopriyete Performance Fact **Analiz Done 4-Lanti**, ki pèmèt pratikan yo analize done etidyan yo yon fason efikas ak efektif. Exhibit B soulinye kèk nan fonksyon pwosesis 4-Lanti yo.

**Done Pèseptiyèl:** Yo ka sèvi ak pwosesis 4-Lanti a tou pou analize done pèseptiyèl *etidyan* yo. Done Pèseptiyèl ki soti nan ankèt adilt oubyen pratik pwofesyonèl sèvi ak yon pwotokòl diferan.

**Done Mizanplas & Done Lidèchip** – oubyen done ki gen rapò ak efikasite pratik pwofesyonèl – ka evalye epi analize ak yon varyete zouti ak pwosesis ki nan sistèm Je sou Objektif la™. Kat CPR La™ ak Akimilasyon (gade Exhibit D) se de nan zouti ki pi efikas pou rasanble ak reyalizasyon mizanplas done.

Nou ka jwenn **Fokis Enstriksyonèl** nan paj 5 Exhibit A (sa vle di, Plan Akademik Estratejik 2016-2020) Fokis enstriksyonèl la se yon vizyon enstriksyon efikas, ak fondasyon pou mennen sèk ankèt ki gen ladann Somè Done™ ak yon Plan 6-12 Semèn Enstriksyonèl nan fen chak sik evalyasyon referans oubyen mak chak peryòd.

Yo abòde eksplisitman **Aksè ak Opòtinite pou Tout Etidyan** sou paj 6 Exhibit A (anba Pilye #1 & #2). Egalite aksè eksprime nan yon fason eksplisit nan Mezi Pwogrè Etidyan sou paj 4 Exhibit A a.

Devlopman Pwofesyonèl ak Lidèchip se sou sa Pilye #3 a fokalize (paj 6 Exhibit A). Se apwopo "investi nan moun." Andedan sistèm Je sou Objektif la™, yo mete gwo aksan sou konstwi rezo pwofesè-lidè, men tou bay opòtinite ak pwotokòl ki baze sou rechèch pou lidè lekòl ak distri yo kolabore epi aprann ansanm.

Ak sistèm Je sou Objektif la™, East Ramapo Central School District ap genyen pwosesis ki aliyen, zouti ak patnè pou sipòte mizanplas Plan Akademik Estratejik 5 ane distri a ane apre ane.